



**Bwochi Enfòmasyon pou Paran
sou Egzamen Eta Nouyòk
Pou Evalye Elèv k ap
Aprann Anglè Kòm Dezyèm
Lang (NYSESLAT ann anglè)**

Nou Kontan Wè ou! Misyon Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la (NYSED ann anglè) Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (OBEWL) pran angajman pou tout elèv nan Eta Nouyòk (NYS), ansanm ak Elèv k ap Aprann Angle (ELLs)/ Elèv k ap Aprann nan Plizyè Lang (MLLs), jwenn opòtinite pou yo gen siksè akademik nan pi wo nivo, e pou yo devlope konpetans nan lang. Nou fè efò pou nou bay chak elèv sa yo bezwen nan domèn akademik ak domèn sosyo-emasyonèl nan diferan lang pou nou prepare yo pou inivèsite ak travay pwofesyonèl.

ENTWODIKSYON

Tout elèv ki fèk antre nan yon lekòl piblik nan Eta Nouyòk la, ki pale yon lòt lang lakay yo, oubyen ki pale plizyè lang, pran Egzamen Eta Nouyòk pou Idantifye Elèv k ap Aprann Anglè (NYSITELL ann anglè). Elèv sa yo gen pou yo pran yon lòt egzamen ki rele Egzamen Eta Nouyòk Pou Evalye Elèv k ap Aprann Anglè kòm Dezyèm Lang (NYSESLAT ann anglè). Objektif egzamen NYESLAT la se pou evalye nivo konpetans elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang/ ak elèv k ap aprann nan plizyè lang (ELL/MLL) chak ane, ki enskri depi nan jadendanfan jouk nan douzyèm (12èm) ane nan lekòl piblik nan Eta Nouyòk la. Egzamen sa a bay eta a, lekòl yo, paran, ak pwofesè yo enfòmasyon enpòtan sou pwogrè elèv k ap aprann angle yo ap fè nan lang anglè a.

KI LÈ YO BAY EGZAMEN (NYSESLAT) LA?

An jeneral, yo bay egzamen NYESLAT la nan sezon prentan pandan mwa d avril ak mwa d me.

KI KALITE KESYON YO POZE ELÈV YO?

Egzamen NYESLAT la gen kesyon chwa miltip, kesyon ki egzije repons kout alekri, kesyon ki egzije repons long alekri, ak kesyon ki egzije repons aloral, baze sou ladrès sa yo: koute, pale, li ak ekri nan lang anglè a. Pitit ou a oblije pran tout diferan pati nan egzamen an. Kesyon nan egzamen an reflekte kalite aktivite ak travay pitit ou ta fè nan klas li.

KIYÈS KI BAY EGZAMEN NYESLAT LA?

Se edikatè kalifye nan Eta Nouyòk la ki bay egzamen NYESLAT la.

KI JAN MWEN KA JWENN YON KOPI NÒT PITIT MWEN AN?


Lekòl pitit ou a ap voye yon rapò avèk nòt pitit ou a fè nan egzamen an. Y ap ba ou enfòmasyon egzak sou pwogrè pitit ou ap fè nan lang anglè a.

KI SA NIVO KONPETANS NAN LANG ANGLÈ YO YE POU ANE ESKOLÈ 2015-2016 LA E POU KONITYE

HAITIAN

APRÈ?

Gen chanjman ki fèt nan konpetans lang anglè a. Konpetans yo te konn baze sou kat (4) nivo. Kounye a, yo baze yo sou senk (5) nivo, sa pèmèt plis mwayen pou fè diferans ant elèv yo:



KI SA NIVO KONPETANS ANN ANGLÈ YO VLE DI?

Nou ba ou yon deskripsyon Nivo Konpetans Pou Egzamen NYSESLAT la nan tablo anba a.

Nivo	Deskripsyon Nivo Konpetans nan Lang Anglè a	PS
Antre (Debitan)	Yon elèv ki nan nivo Antre a bezwen anpil sipò ak estrikti pou devlope ladrès li nan langaj akademik, e li poko satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre konpetans li nan diferan kontèks akademik ann anglè.	Dwe Resevwa Sèvis pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELL)
Emèjans (Entèmedyè Fèb)	Yon elèv ki nan nivo Emèjans la bezwen sipò ak estrikti pou li devlope ladrès nan langaj akademik, e li poko satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre konpetans li nan diferan kontèks akademik ann anglè.	
Tranzisyon (Entèmedyè)	Yon elèv ki nan nivo Tranzisyon an demontre li plizoumwen endepandan nan devlope ladrès nan langaj akademik, men li poko satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre konpetans li nan diferan kontèks akademik ann anglè.	
Ekspansyon (Avanse)	Yon elèv ki nan nivo Ekspansyon an demontre li gen bon jan endepandans nan devlope ladrès li nan langaj akademik. Elèv ki nan nivo sa a pa lwen satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre konpetans li nan diferan kontèks akademik ann anglè.	
Metriz (Konpetan)	Yon elèv ki rive nan nivo Metriz la satisfè egzijans lengwistik nesèsè ki montre konpetans li nan plizyè kontèks akademik ann anglè. Yo pa konsidere elèv ki rive nan nivo sa a kòm elèv k ap aprann anglè (ELL) ankò, men li gen dwa kontinye resevwa sèvis pandan de (2) lòt ane ankò, kòm yon ansyen elèv ki te konn resevwa sèvis pou elèv k ap aprann anglè (Former ELL).	Pa Bezwen Sèvis Pou Elèv k ap Aprann Anglè

SI PITIT MWEN GEN YON PWOGRAM EDIKASYON ENDIVIDYÈL (IEP), ÈSKE Y AP FÈ SÈTEN AKOMODASYON POU LI LÈ L AP PRAN EGZAMEN?

Wi, y ap fè akomodasyon pou elèv k ap aprann anglè kòm dezyèm lang e ki gen (IEP) lè y ap pran egzamen NYSESLAT la. Pale ak pwofesè pitit ou a pou jwenn enfòmasyon sou akomodasyon yo dwe ba li. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sit sa a: <http://www.p12.nysed.gov/assessment/nyseslat/>

KI SÈVIS PITIT MWEN AN DWE JWENN YON FWA YO IDANTIFYE L KÒM YON ELÈV K AP APRANN ANGLE (ELL) OSWA YON ELÈV K AP APRANN NAN PLIZYÈ LANG (MLL)?

Edikasyon Bileng (tranzisyonèl oswa pwogram nan de (2) lang), avèk/oswa sèvis pou elèv k ap aprann anglè kòm nouvo lang (ENL ann anglè).

Nivo	Klas Jadendanfan jouk 8èm ane, Kantite Minit pou yo Resevwa ansèyman anglè kòm Nouvo Lang pa semèn	Klas 9èm jouk 12èm ane, Kantite Minit pou yo resevwa Ansèyman angle kòm Nouvo lang pa Semèn*	Elèv nan Pwogram Bileng
Antre (Debitan)	360 minit	540 minit	<ul style="list-style-type: none"> • 1 kou literati ak kominikasyon nan lang matènèl elèv la • Omwen 2 matyè debaz bileng
Emèjans (Entèmedyè Fèb)	360 minit	360 minit	<ul style="list-style-type: none"> • 1 kou literati ak kominikasyon nan lang matènèl elèv la • Omwen 2 matyè debaz bileng
Tranzisyon (Entèmedyè)	180 minit	180 minit	<ul style="list-style-type: none"> • 1 kou literati ak kominikasyon nan lang matènèl elèv la • Omwen 1 matyè de baz bileng
Ekspansyon (Avanse)	180 minit	180 minit	<ul style="list-style-type: none"> • 1 kou literati ak kominikasyon nan lang matènèl elèv la • Omwen 1 matyè de baz bileng
Metriz (Konpetan)	Yon elèv ki rive nan nivo Metriz la satisfè egzijans lengwistik ki montre konpetans li nan plizyè kontèks akademik ann anglè. Yo pa konsidere elèv sa a kòm elèv k ap aprann anglè ankò, men li gen dwa kontinye resevwa sèvis pandan de (2) lòt ane kòm yon ansyen elèv ki te konn resevwa sèvis pou elèv k ap aprann anglè (Former ELL).		

*Yon pòsyon nan kou anglè kòm nouvo lang (ENL) lan kapab fèt nan yon matyè de baz entegre.

KI SA SÈVIS POU ANSYEN ELÈV KI TE KONN RESEVWA SÈVIS POU ELÈV K AP APRANN ANGLÈ YO YE?

Yon fwa yon elèv rive nan nivo Metrizz la, li konpetan nan lang anglè a. Yo pa konsidere li kòm yon elèv k ap aprann anglè (ELL) ankò, e li pa bezwen resevwa sèvis pou elèv k ap aprann anglè yo. Li dwe resevwa sèvis pou ansyen elèv ki t ap aprann anglè yo. Sèvis sa yo ofri: 0,50 unite (ki vle di mwatye inite, 90 minit) anglè kòm nouvo lang (ENL) pa semèn ki entegre ak kou literati anglè ak komunikasyon/matyè debaz yo, oswa lòt sèvis ki apwouve pou ansyen elèv ki t ap aprann anglè yo. Li gen pou l resevwa sèvis sa yo pandan de (2) lòt ane ankò. Elèv sa yo dwe kontinye resevwa sipò endividyèl k ap ede yo aprann, e fò yo pran egzamen pou evalye langaj yo ann anglè ansanm ak pwogrè akademik k ap pèmèt yo kontinye bay bon rezilta akademik.

KÒMAN M K A EDE PITIT MWEN PREPARE POU NYSESLAT LA LAKAY MWEN?

Gen plizyè bagay paran ka fè pou ede elèv prepare pou egzamen NYSESLAT la. Men kèk sijasyon:

- Asire ou pitit ou dòmi ase, e li manje manje ki bon pou sante l avan l al pran nenpòt egzamen.
- Ankouraje pitit ou, rekonfòte li avan l al pran egzamen an, paske sa kapab ede l fè bon nòt nan egzamen an.
- Li, e pataje ak pitit ou tout enfòmasyon ou resevwa sou eksperyans moun fè lè y ap pran tès.
- Asire pitit ou egzamen sa a se pou evalye devlopman li nan lang anglè a.
- Rankontre avèk pwofesè pitit ou a, travay avèk li ansanm ak pwofesè anglè kòm nouvo lang la, oubyen ansanm ak pwofesè bileng la pou yo k a ba ou sipò ou bezwen pou pitit ou a, e pou yo k a ba ou rekòmandasyon ki ka ede ou lakay ou.

RESOUS SIPLEMANTÈ AK ASISTANS

Ou ka jwenn enfòmasyon sou NYSESLAT la nan sit sa a: <http://www.p12.nysed.gov/assessment/nyseslat/> ak sit sa a: <https://www.engageny.org/resource/spring-2015-nyseslat-resources>. Si ou gen plis kesyon sou nivo konpetans pitit ou nan lang anglè a, tanpri kontakte: emscassessinfo@nysed.gov oubyen rele: 518-474-5902. Si ou gen kesyon sou sèvis bileng oubyen anglè kòm nouvo lang, rele Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (OBEWL) la nan: 518-474-8775, oubyen voye imèl nan: obefls@nysed.gov.

Si ou gen kesyon sou sèvis pou elèv k ap aprann anglè kòm nouvo lang (ENL), kontakte:

nysparenthotline@nyu.edu

Liy dirèk pou paran: (800) 469-8224

Ou gen plis kesyon?

Tanpri voye kesyon oubyen kòmantè ou yo nan Biwo
Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal: OBFLS@nysed.gov

Oubyen rele: 718-722-2445

Pou plis enfòmasyon sou NYSESLAT la, vizite sit:
<http://www.p12.nysed.gov/assessment/nyseslat/>

